

ЦIИЯЛ ХАРБАЛ

**районалда субботник**

Стр. 2

СПОРТ

**Дагъистаналъул чемпион**



Стр. 4



# ЛЪАРАТIА



**ЛъаратIа районалъул газета**

**№ 8 * апрель 2015 с. Газета биччала моцIида жаниб кIиго нухалъ. Багьа 10 гъ.**



КIВАР БУГЕБ СУАЛ

## ТамихIал ва бадирчIваял

### ХIалтIуда чIеялъул гIадлу хвезабурал тамихIалде цIана

**Ахираб чанго соналъ киналго районазда кIудияб кIвар буссинабулеб, цIикIун тIалаб гьабулеб жо буго хIукуматалъул хIалтIабазда, хъулухъазда ругел чагIазул, заманаялъ, кватIичIого хIалтIуда рахъи абураб масъала. ХIалтIи гьабиялда бащалъизабулеб буго гIицIго хIалтIуде щвей, кабинетазда гIодорги чIун жидер ишазда рукIин абураб тIалаб. ХIалтIи заманаялда бокьаралъур хьвади, гьелъул тартиб хвезабиялда данде кIудияб рагъ лъазабулеб буго нилъер районалъул нухмалъиялъги.**

Къоло цоабилеб марталда ЛъаратIа районалъул администрациялъул бетIер Раджабов Раджабги, райсобраниялъул председателасул заместитель ГIабдулаев ГIабдулагьги, ЦРБялъул бетIерав тохтур Юсупов Асадулаги ва гьел гурел цоги отделазул, организациязул нухмалъулелги сапаралъ рахъана Гъведиш росулъ щвезе. Гьенире щвеялъул аслияб мурад букIана гьеб росдал кинаб ахIвал-хIал бугеб, хIалтIухъ рахъунел щил, рахъунарел щил, кинаб кумек районалдаса кьезе кколеб ва гьел гурел цоги суалаги. Щибаб советалда руго росдал администрация, ФАП, ясли-ах, школа, библиотека ва. гь.ц.

Гьенир киса-кирего хIалтIухъабиги жиндир заманаялда хIалтIухъ хьвадизе кколелльиги лъиениги балъгояб жо батиларо, амма гьедин гьечIо иш. ЦохIо Гъведиш гуреб хутIараб киса-кибего районалдаго гьебго хIал буго.

ХIатта район бакьулъ ругел учрежденияздаги. Цо щибалиго лъалареб гIиллаги батун уна хIалтIиги жибго тун цоги рахъалде. КIикього километрги тун рикIкIадаса росабалъа жидорго къварегIелалъ щварал гIадатиял чагIазе гьелдаса кIудияб квал-квал щибха букIинеб, заманаялъ хIалтIухъаби жидерго ишазде щунгутIи сабаблъун.

Гъведиш росдал администрациялъе кьуна районалъул нухмалъиялъ гьоркьохъеб кьимат, тIадкьана росдал бегавуласда киналго хIалтIул гьалатIал ритIизаризе ва хIалтIухъаби кабинетабахъ чIезаризе. ТIубанго рикIкIадал росабалъ букIуна гьединаб ахIвал-хIал, районалдаса кIудияб нухги тун, рикIаде сапар бухьинарин ва жил гьедин рорчIилин хьулги лъун. Гьеб масъалаялда тIад кIудияб, цIикIараб хIалтIи гьабулеб бугин лъазабуна бугеб киналго дандельабазда районалъул нухмалъиялъ.

Гьединабго ракIалдаго гьечIеб проверка гьабуна ЛъаратIа росдада жанир ругел идарабаздаги цо къоялъ. 70% идарабазул нухмалъулелги ратичIила жодорго хIалтIухъ. Гьеб цIакъго кIудияб ва ургъизе тIамулеб тарих буго.

*Ахир 3 аб. гьум.*

ЩИВГО КIОЧОН ГЬЕЧIО

## ВЕТЕРАНАЗУХХЪЕ ЩВАНА

**Исанаги тIаде гIагарулеб буго КIудияб Бергьенлъиялъул къо. Амма гьаб соналъ тIаде бачIунеб бергьенлъиялъул къо тIолабго улкаялъе хасаблъун ккола, щайгурелъул исана тIубалеб буго 70 сон фашистазда тIад Совет хIукуматалъул армиялъ чIел босаралдаса.**



Санал сверенагIан пашманлъизе буго бергьенлъиялъул праздник, кьойидаса кьойиде КIудияб ВатIанияб рагъул гIахьалчагIи дагьлъулел ва тIагIунел рукIиналъ. Нилъер районалда хасго цIикIун дагьлъана гьел, районалда вугевго вугев цо хутIун вуго рагъул гIахьалчи. Гьевги вуго Богьнода мухъалдаса ШагIбан ГьитIинов. ТIаде бачIунеб КIудияб Бергьенлъиялъул байрам баркизе районалъул нухмалъулел ва гIемерисел отделазул бутIрул щвана гьесухъе ва гьединго захIматалъул ветеранал Рамазан МухIамадов, ГIусман Идрисов, Мариган ГIабдулхаликъова, Шумайсат ГIумарова рихьизеги.

Ветераназда баркана тIаде бачIунеб праздник, рагIи кьуна киналго районалъул нухмалъулез кIварабгIан цIикIун, жидедаса бажарараб кумекги кIварги кьезе ва гьединго кьуна захIматалъул ветераназе ва рагъул гIахьалчагIазе кIудиял шапакъатал Бергьенлъиялъул праздник баркун. Районалъул администрациялъул бетIер Ражаб Ражабовас гьезул киназдаго баркана тIаде бачIунеб праздник ва гьарана гьезие щулияб сахлъигун жеги халатаб гIумру. Жакъасеб къоялъ нилъ чIухIизе ккараллъун ругел рагъул ва захIматалъул гIахьалчагIи, ветеранал чIаго хутIи нилъее кIудияб рохеллъун буго. Цойги нухалъ гьарула гьезие сахлъи ва роххел. ЧIаго тайги Аллагьас нилъее гIумру ва бергьенлъи сайигъат гьабурал ветеранал.

Редакциялъул рахъалдаса гьари буго киналго росабазул бегавулзабазда ва гьединго жамагIаталда, нужорго росабазул рагъул гIахьалчагIазул хIакъалъулъ лъалеб жо батани хъвавн битIеян.

**ЧАКЪАЛОВ**

## РАГЪДА ХВАРАЛ, ТIАГIАРАЛ ЛЪЕБЕЛАЗУЛ БАХIАРЗАЛ

**КIудияб ВатIанияб рагъулъ советияб халкъалъ бергьенлъи босаралдаса 70 сон тIубаялде**

Рагъул сонал рикIкIалъанагIан мухIканго бичIчIулеб буго нилъеда бергьенлъиялъул кIвар. Халкъалда киданиги кIоченаро тарихалда жаниб бищунго захIматаб рагъул I9I4 сордо-къо. Кутакалда цIикIараб гIакъубаялъул ва чIахIиял къурбаназул нухги нахъа толаго, нилъ рачIана I945 соналъул 9 маялъул бергьенлъиялъулаб къоялде. Щивги кIочон гьечIо, щибги кIочон гьечIо. Гьедин абула нилъеца чIагояздe, хасго КIудияб ВатIанияб рагъда жодор эбел, эмен, васал, ясал, вацал, росал, гIагарал чагIи тIагIарал гIадамазе.

ЦIар лъаларев солдатасул хобилан абурал рагIабаздаса захIматаб жого бугодай? Хираго чIана нилъее КIудияб ВатIанияб рагъ. Риххизарурал шагьаралгун росаби, чIунтизабураб магIишат, чIварал миллионал советиял гIадамал. Эбелаб ВатIаналъул тIолалго шагьараздаса ва росабалъа гIадинан, ВатIан тушманасдаса цIунизе рагъде ана нилъер районалдасаги гIолохъаби. Гьезул гIемерисел нилъер рохалилаб ва талихIаб гIумруялъе гIоло жодорго рухIги кьун, абадиялъего рагъулаб майданалда кьанщана.

**Эбелаб ракьалде рагъул кор щведал,**
**Лъебелазул васал рахъана кьватIир.**
**ВатIан аздагьоялъ лъукъ-лъукъулелъул,**
**Кьисас босзе ана ияхI бергьарал.**

**Эркенлъи хирияз, улка бокьулез,**
**Кьуна бергьенлъидуй гьунарги гучги.**
**Чияр лагълъиялде ккезе бокьичIез,**
**Кьабана фашистал-питначагIазда.**

**Руччаби гьурулел, хералги чIвалел,**
**Хъурмуздаса рецIел, босана вацаз.**
**Хахулеб лъимер тун, улбул гьанкъарал,**
**ГьачагIзазул гьодилъ гьорчоречIана.**

**ГьечIо батIияб нух - хвел я бергьенлъи,**
**Гьедин амру лъуна улкаялъ цебе.**
**Нилъеде битIараб тушманасул хеч,**
**Хабалъ гьебгун цадахъ рукъанин вацаз.**

**Гьезул цIарал лъуна цIиял кьватIазда,**
**ЦIиял шагьаразда, цIиял гумузда.**
**Дол хвечIо, хириял, ругелин чIаго,**
**Щибаб шагьаралда, щибал росабалъ.**

**Нилъер рохелазулъ, бергьенлъабазулъ,**
**Гьел кидаго даим нилъгун рукIина.**
**ГIасраби сверунги, сонал аниги,**
**ГIадамазда гьезул цIар кIоченаро.**

**ТIолалго хIалтIабазулъ, хIалуцарал ишазулъ,**
**ГIорал квегъулезулъги, гьезул рекIелаб кIутIи.**
**Ножор цIар, бахIарчилъи, нижей мисаллъун буго,**
**Къо ккани ниж нуж гIадал, рахъинелъун кьеркьела.**

**Шагьаразда, росабалъ, кисан гьел ратаниги,**
**Гьезул цIарал тIад хъварал, памятникал лъун руго.**
**Ниж гьенире щолареб, кьогун моцI букIунаро,**
**Гьеб бакI нижей бокьула, нужгун дандчIванин ккола.**

Рагъалъ якъинго бихьизабуна коммунист партиялъул ва халкъалъул цолъи, рекьарухъабазул ва хIалтIухъабазул цоцалъ гьунки, ВатIаналдехун бугеб хIасратаб рокьи ва тушманасдехун бугеб гьалагаб ццин. Жакъа дун КIудияб ВатIанияб рагъда хвараздаса соназ кIудияв вуго.

Дица кIиябго накуги чIван, гьаб талихIаб гIумруялъе гIоло, хваразе баркала кьолеб буго.

**Насрулагь-хIажи МУХIАМАДОВ,**
**захIматалъул ветеран,**
**Хадиял росулъа**

ЩИВГО КIОЧОН ГЬЕЧIО

# Даимаб рецц рагъул гIахьалчагIазе

**Халкъалъул рекIелъа кидани-ги нахъе инее гьечIо кIудияб балагь тIаде бачIарал соназда нилъер улкаялъул гIадамаз бихьизабураб кIудияб бахIарчилъиги, баччараб захIмалъиги, босараб бер-гьенлъиги.**

**ВатIанияб тIалаб тIобитIулаго, ТIерхьарал цIвабзазул цIар кIоченаро!!!**

КIиабилеб дунялалъул рагъул, тIоцересел моцIазда Гитлерил фашистаз бетIер борхун букIана бигьаго бергьинехъин ругилан, амма кватIичIого тушманасда бичIана жиндир планал мекъи ккун рукIин.

Хехго Москваялда жанире лъугьине бажаричIолъиялъги, Ленинград цIунаразул къоcIехьеялъги, Сталинградалда жидеца кьаби щвезабиялъги, Севернияб Кавказалде цере риччачIолъиялъги, рекIеда ратизарурал Гитлерил хъамалчагIазда бихьана гIагараб ВатIан цIунизе Советияб халкъалъул бугеб таваккал. ВатIаналде бугеб Дагъистаниязул рокьиги тушманасде бугеб цинги жеги цIикIун загьирлъана жидеего бокьун гIарзаби къун гIолохъаби рагъде араб 1943 соналда.

Гьавураб сонги мекъи хъван рагъде ана 18 сон тIубачIелги. КIудияб ВатIанияб рагъда республикаялъул халкъалъ гьабураб багъадураб гIахьаллъиялъе нугIлъи гьабула гIагараб ВатIан цIунизе цIадулаб рагъулъе арав 180 азарго чиясдаса гьоркьоса тушманасул квердаса къадаралде щвараб 90 азарго рагъухъанасул цIар рехсон кьватIибе биччараб ракIалде щвеялъул тIехьалъ. Гьезда гьорлъа нилъер районалъул росабалъа ана 1500-ялде гIагарун бахIарзал, гIемерисел гIарзаги хъван. 800-ялде гIагарун чи рокъове вуссичIо цIадулаб рагъдаса. ЧIахIиял захIматалъулал бергьенлъаби росана рагъулал соназда тылалда рукIаразги. Фабрик-заводалъул хIалтIухъабаз, колхоз-совхозалъул захIматчагIаз гьелде тIаде Дагъистаналъул гIадамаз бакIарараб гIарацги, цогидаб къиматабщинабги харж гьабун гIуцIана «Шамиль» абураб танказул колонна, рагъулал самолетазул эсскадрия, «Дагъистаналъул комсомолец» бронепоезд.

Оборонаялъул фондалде битIана 500 миллион гьурущ гIарац, фронталде битIана 140 вагон квен-тIехалъул ва цогидабги къайиялъул кумек. Республикаялдаса 600 азаралдасаги цIикIарал би хьинал ва руччаби рагъул соназда фронталдаги тылалдаги тIокIлъи бихьизабуралъухъ мустахIикълъана орденазе ва медалазе, гьезда гьоркьоса 58 чиясе щвана Совет Союзалъул БахIарчи ва Россиялъул БахIарчи абураб тIадегIанаб цIар. Анкьго нилъер ракьцояв вахьана солдатасулаб рещцалъул тIубарал ковалераллъун.

Нилъеца кIудияб баркала загьир гьабулеб буго фашизмалъе къуркьичIел ва гьелда тIад бергьенлъи босарал рагъухъабазе ва тылалъул захIматчагIазе. БетIер къулула нилъер ВатIаналъул эркенлъиялъе ва чиясда бараблъун гьечIолъиялъе гIоло гIумру кьуразе. ЧIахIияб гIелалъул гIадамаца гьабураб кIудияб гьунар гIасрабаз кIочон теларо, абадиялъго хутIила гьеб нилъер ракIазулъ.

Маялъул байрамазда гIадамаз цояз цоязда баркула, цоцазе сахлъи икъбал гьарула. Гьединаб яшав, паракъатаб гIумру нилъее букIиналъе гIоло гIумру кьурал миллионал советиял гIадамалги нилъеда киданиги кIочене бегьиларо. Даимаб рецц гьезие!!!

**МухIамад ГIУМАРОВ,**
**Белъелда школалъул мугIалим**



# Хъалишса Башир – рагъул гIахьалчи

**МухIамадгIалиев Башир гьавуна 1913 абилеб соналъ Хадиял администрациялъул НикIар росулъ. Къого сонил гIумруялда 1933-1934 абилел соназда гьес хIалтIизе байбихьана Кутлаб росулъ мугIалимлъун.**

1936-1939 абилел соназда гьев хIалтIана НикIар байбихьул школалъул директорлъун. 1939-1942 абилел соназда хIалтIана Хадиял ва ЧIорода школазул директорлъун. 1943 абилеб соналъул апрелалда ана КIудияб ВатIанияб рагъда гIахьаллъи гьабизе.

1943 абилеб соналъул 14 абилеб маялда рагъда лъукъана ва медкомиссиялъ сахгьавизе виччана. Руго гьесие щварал гIезегIан медалалги, гьезда гьоркьоса батIа рахьизе ккола «Медаль за отвагу Кавказа», «Медаль за храбрость стойкости и мужества», «Медаль за трудовое отличие».

1960 абилеб соналъ гьесие кьуна Дагъистаналъул мустахIикъав мугIалим абураб цIарги. Жиндир гIумруялда жанив гьев хIалтIичIеб бакIго гьечIоан, секретарь РК КПСС алдаса нухлул устарасде щвезегIан. Совхозалъул директорлъун ва гьединго батIи-батIиял росабалъ колхозалъул нухмалъулевлъунги хIалтIана. Гьеле гьединав чи вукIана мунагьал чураяв Башир.

**ЧАКЪАЛОВ**

# РАЙОНАЛДА СУББОТНИК

**Апрель моцIалъул микьабилеб къоялъ тIолабго районалда лъазабуна субботникалъул къолъун.**
**Заседаниялда киналго районалъул администрациялъул идарабазда ва гьединго щибаб росдал администрациязул бутIрузда лъазабуна субботникалъул къо ва киналго районцоял тIаде рахъун кисакибего кьищни-къулалдаса, рощнодаса къватIал, лъел мухъал, годекIаби рацIад гьаруна.**

РацIалъи цIуни тIоцересел инсанасда тIадал жалазде гьорлъе унеблъи лъала нилъеда, араб ЛъаратIа газеталъул номерал нужеца цIалун батIила рацIалъи цIуниялъул бегеб кIваралъул хIакъалъулъ макъала. Районалъул нухмалъиялъ цIикIараб кIвар ва бербалагьи гьабулеб буго ихдалил, роолил заманалда кьищниялдаса район, росу цIуниялде.

Чороклъиялдаса, хъублъиялдаса инсанасул чорхолъе щолел унтияздаса цIуниялъул мурадалда гьарулел субботникал кIваралгIан цIикIун гьариялъул суал борхун букIана районалъул заседаниялда.

Гьеб суалалалъул бугеб кIвар бихьизабулеб буго, районалъул киналго хIакимзаби, администрациялъул бетIерасдаса байбихьун киналго идарабазул уборщицаязде щун къватIал рацIад гьарун хIалтIулел рихьираб мехалъ. Гьеб кутакалда беццараб ва берцинаб иш буго.

Кидаго гуро районалъул бетIер ва администрациялъул бетIер ва гьел гурел цоги чIахIиял идарабазул бутIрул кверазда перчаткабиги хулун хIалтIулел рихьизе бегьулел. Амма кин бугониги нилъеда лъазе ккола рацIалъи цIуни инсанасул ва хасго бусурбанчиясул тIоцересел масъалабазул цояблъун бугеб.

Гьадинал субботникал нилъер районалда жеги гIемерал рукIине руго хасли хълъи щвезегIан.

**ЧАКЪАЛОВ**



КIВАР БУГЕБ СУАЛ

# ТамихIал ва бадирчIваял

*Байбихьи 1 -себ. гьум.*

Гьедин жодор хIалтIудехун бербалагьи бугел чагIи районалда ругебгIан заманаялъ кинабгIаги цебетIей районалъул букIине гьечIилан рикIунеб буго ЛъаратIа районалъул нухмалъиялъ. Гьединал чагIи тамихIалде цIазе кколин ва кьураб заманаялда жаниб бугеб хIал хисизабичIони хIалтIудаса нахъе аян лъазабизе бугила.

ХIасил-калам, гьеб къоялъ гьабураб проверка ва цоги гьалатIал хIисабалде росун районалъул нухмалъиялъ хIукму къотIана хадур рехсарал хIалтIухъабазе бадибчIвай гьабизе: УСЗНалъул нухмалъулесул заместитель МикагIил Шамилов, ЦСОНалъул нухмалъулесул хъулухъал тIуралей Раисат ХIасанова, Накада гьоркьохъеб школалъул директор Чупанов Чупан, Гъведиш яслиялъул нухмалъ



## ХIалтIуда чIеялъул гIадлу хвезабурал тамихIалде цIана

улей Тамара ХIамзатова, лъайкьеялъул управлениялъул нухмалъулесул хъулухъал тIуралев ХIажи Халилов ва гьебго идараялдаса жеги 16 чи, райадминистрациялдаса юрист Рустам МухIамадов, гIолилазул комитеталъул нухмалъулев Камиль ГIалибегов, администрациялъул комиссиялъул секретарь ХIусен МухIамадов, лъималазул тIалаб гьабиялъул идараялъул (отел опеки и попечительства) хIалтIухъаби МухIамад МухIамадов ва МухIамад МухIамадгIалиев, администрациялъул бухгалтерасул кумекчи ХIава ХIусейнова, администрациялъул бетIерасул заместитель Рамазан ГIабдулхаликъов, налоговияб инспекциялъул нухмалъулев ГIабдулмажид ГIумаров, Статистикаялъул управлениялъул нухмалъулев Рамазан ГIумаров, культураялъул управлениялъул нухмалъулев ГIубайдула ИсмагIилов, Пресс-секретарь Назир ГIализазумов, «ЛъаратIа» газеталъул редактор Расул Ражабов, УЖКХ-ялъул нухмалъулев Иляс ИмамухIамадов, миграционнияб службаялъул нухмалъулев ГIамзат МагьдимухIамадов. Гьал киналго чагIи цо къоялъ тамихIалде цIана. Гьединаб ккана иргадулаб халкквей районалъул идарабазул хIалтIухъабазе.

**Расул АБАКАРОВ**

ТАВАККАЛ

# НУГIРУХЪ РОСУЛЪА БАХIАРЧИЯВ ВАС

**ЛъаратIа районалъул НугIрухъ росулъ гIумру гьабулел руго Ибрагьим абурав чиясул хъизамалъ. Гьев ккола гIемерал лъималазул эмен, гьесул руго васал ва ясал.**

Киназулго гIадин магIарухъ гьесулги букIана гьоркьохъеб магIишаталъул гIумру, хьихьулаан гIи-боцIи, бекьулаан хур-хер, унаан пер бахъун гIарац данде гьабизе. Васазе лъудби рачун рокъоре руссинаруна, ясал къватIире кьуна, цо вас хутIун вуго чIужу ячинчIев. ЦинтIаго Ибрагьимил яс, лъимер гьабулаго ургьисалалъе (почка) жагьаллъи ккун, унтун ккана, кире аниги, щиб гьабуниги сагълъизабизе кIвечIого цояб ургьисала къотIун нахъе босизе ккана. Цо заманаялдаса цояб ургьисалаги унтизе байбихьун буго.

Гьебги сахгьабизе кIолеб хIал букIун гьечIо, хIажалъана сахаб, донорасул кумек. Гьеб щвезе ккани къваригIуна тIасаккун цIикIун гIарац, гьебги Ибрагьимил букIинчIо. Гьедин къварилъиялда рукIарал гьезул рукъалде тIаде рещтIула цоги кIудияб балагь, хвана хехаб унтиги речIун Ибрагьимил чIужуги.

Ибрагьимил вуго вищун гьитIинав, ГIиса абун, аварагасул (гI. с.) цIар лъурав вас. Гьелъги батила гьесул рекIелъ рещтIун буго иманалъул ва хасго бахIарчилъиялъул, жиндир гIумруялда барахшичIеб асар, пикру, жиндир черхалда барахшичIого къотIун цояб ургьисала яцалъе кьезе. Ниятги гьабун ГIиса яцги ячун Москваялде операция гьабизе уна. Аллагьасул къудраталдалъун, тохтуразул тIадегIанаб махшелалдалъун, операция лъикI уна ва сахлъизеги сахлъун, тIадруссун жодорго рокъоре щун руго.

Дица ва кинабго жамагIаталъ рикIкIунеб батила гьев вац цIакъго бергьараб, бахIарчияб ва къвакIараб ракIалъул бихьинчи вукIин. Гьаб заманалда гьединав вац вати цIакъ щакаб жо буго. Нилъер районалда гьеб тIоцебесеб иш бугин ккола, дун мекъи ватизеги рес буго. Дида гIемерал лъугьа-бахъинал лъала цо метргIанасеб ракьалда тIаса кIиго вац вагъулеб, боцIи-панз сабаблъун дагIбадилел, херал эбел-эмен рехун толел, херлъарал эбел-эмен хIукуматалъул херлъарал чагIи хьихьулеб рокъоре щвезари ва.гь.ц.

Нижер Мазада гьоркьохъеб школалъул кIудияб чIухIи буго гьединав васасе тарбия кьуралъухъ, щиб лъалеб мугIалимасул малъиялъ кигIан дагьаб бугониги квербакъи гьабун батила гьесул тавакалалъе. Гьединго гIумруялда барахшичIого, Дагъистан тушманасдаса цIунулаго шагьидлъарав ШихсагIидов ГIабас. Цебесеб къоялъ нарядалдаса вачIарав, хIалхьиялда вукIине бегьулев чи, ахIи бахъарабго хъащтIан кIанцIун, отрядги бачун ун вуго тушманасде тIаде.

Гьесул хIурматалда школалда щибаб соналъ тIобитIула волейболалъул турнир, тIолабго районалъул администрациязул командабиги ахIун. ГIисаеги бокьулаан спорт, школалда цIалулеб мехалъго гьев векерун кIанцIулаан халалъуде ва халатаб манзилалъ векерун районалда тIоритIулел къецазда тIадегIанал бакIал кколаан. РакIалде ккола гьев ГIисае законалъ рихьизарулеб бигьалъабиги ва цогидаги квербакъиял гьарилин районалъул нухмалъиялъ. Дие бокьун буго росдал ва районалъул жамагIаталда ахIи базе, къварилъиялде ккарал чагIазе кумекалъул квер бегьани, гьеб цIакъ лъикIаб, Аллагь разияб хIалтIи кколин. Хирияв дарабиги росизе кколел ругони, тIагIамаб квенги къваригIани, хIалтIулеб бакIги гьечIони, гьеб таваккалаб иш данде кколин гьесие. Аллагьас тавпикъ кьеги киназего гьеб таваккалаб ишалде квер битIизе.

Амин!

**Маирбег ГIАЛИЕВ,**
**Мазада гьоркьохъеб школалъул мугIалим**

ЗАКОН И ПРАВО

# ПРОКУРАТУРА СООБЩАЕТ...

Главному редактору
газеты «Тлярата»
Раджабову Р.А.

**В соответствии с приказом Генерального прокурора Российской Федерации №182 "Об организации работы по взаимодействию с общественностью, разъяснению законодательства и правовому просвещению" для привития гражданам уважения к закону, преодоления правового нигилизма, систематического правового воспитания и просвещения населения разъясняем основания привлечения к административной ответственности собственников (владельцев) транспортных средств, в случае фиксации административных правонарушений работающими в автоматическом режиме специальными техническими средствами**

Согласно статье 2.6.1 Кодекса Российской Федерации об административных правонарушениях (КоАП РФ) собственники (владельцы) транспортных средств, как физические, так и юридические лица, привлекаются к административной ответственности за административные правонарушения в области дорожного движения и административные правонарушения в области благоустройства территории, предусмотренные законами субъектов Российской Федерации, совершенные с использованием транспортных средств, в случае фиксации этих административных правонарушений работающими в автоматическом режиме специальными техническими средствами, имеющими функции фото- и киносъемки, видеозаписи, или средствами фото- и киносъемки, видеозаписи.

В данном случае обязательным условием является фиксация административного правонарушения работающими в автоматическом режиме специальными техническими средствами, имеющими функции фото- и киносъемки, видеозаписи, или средствами фото- и киносъемки, видеозаписи.

При таком способе фиксации правонарушений уполномоченные органы не обязаны доказывать вину собственников (владельцев) транспортных средств, что является отступлением от общего принципа презумпции невиновности, установленного ст. 1.5 КоАП РФ.

Протоколы об административных правонарушениях при этом не составляются. Постановления о назначении административного наказания выносятся уполномоченными органами без участия лиц, в отношении которых возбуждено дело об административном правонарушении (ч. 3 ст. 28.6 КоАП РФ). Наказание назначается только в виде административного штрафа.

Если статьей КоАП РФ установлено административное наказание в виде лишения права управления транспортным средством или административный арест, то административный штраф назначается в размере 5000руб.

Вынесенное в отношении собственника (владельца) транспортного средства постановление о наложении административного штрафа может быть обжаловано им в вышестоящий орган (вышестоящему должностному лицу) либо в суд. В этом случае он обязан доказать свою невиновность, представить доказательства того, что в момент фиксации вмененного ему правонарушения транспортное средство, собственником (владельцем) которого он является (являлся на момент совершения правонарушения), находилось во владении или в пользовании другого лица либо к данному моменту выбыло из его обладания в результате противоправных действий других лиц (например, при угоне).

Если при рассмотрении жалобы на постановление по делу об административном правонарушении невиновность будет установлена, это является основанием для отмены постановления о назначении административного наказания, вынесенного в отношении собственника (владельца) транспортного средства, с прекращением производства по делу об административном правонарушении в связи с отсутствием состава административного правонарушения (п. 2 ч. 1 ст. 24.5 КоАП РФ).

На основании вышеизложенного прошу опубликовать указанную информацию в газете «Тлярата», для привития членам общества уважения к защищаемым правом социальным ценностям, воспитания у них навыков пользоваться конституционными правами и гарантиями и эффективно отстаивать их.

**Прокурор района**
**старший советник юстиции**
**С.Г. АХМЕДОВ**

**исп. Г.В. Сасиев тел. 55-29-27**

СПОРТ

# Дагъистаналъул боксалъул чемпион



**22 марталда МахІачхъалаялда тІобитІана боксалъул рахъалъ гІолилазда гьоркьоб Дагъистаналъул чемпионат.**

Гьеб чемпионаталда гІахьаллъи гьабуна 56 кг цІайиялда ЛъаратІа ДЮСШялъул спортсмен МухІамад Идрисовас. Гьес дандиязда тІад ракІчІараб бергьенлъиги босун Дагъистаналъул чемпионлъун вахъана.

Гьесул тренер ХІайбулаев Якъупил рагІабазда рекъон, МухІамадил кІудияв ресал руго жеги тІадегІанал бергьенлъаби росизе.

Баркула районцоязда нилъер ракьцоясул бергьенлъи ва гьарула МухІамадие щулияб сахлъигун жеги чІахІияб бергьенлъаби.

# Дзюдоялъул чемпион



Апрель моцІалда МахІачхъалаялда тІобитІана дзюдоялъул рахъалъ кІиго турнир: Дагъистаналъул ва СКФОялъул чемпионатал. Нилъер ракьцояв, Хидиб росулъа Ибрагьимов Шамилие щвана 80 кг цІайиялда кІиябго турниралда тІоцебесеб бакІ.

Нилъеда лъала ЛъаратІа районалъе хасиятаб буго дзюдоялъул рахъалъ бергьенлъаби, амма гІолохъанав дзюдоистасе кІудияв хІасилал руго цо моцІида жаниб кІиги тІоцебесеб бакІ кквей.

Баркула Шамилида тІадегІанал бергьенлъаби ва гьарула гьесие гьал бергьенлъаби хадур рачІунезул церехъабилъун ратизе.

# Дагъистаналъул чемпион

**Апрель моцІалъул 18-19 къоязда ДГПУялъул споргалъул залалда тІобитІана Дагъистаналъул чемпионат панкратионалъул правилаязда рекъон.**

Гьениб гІахьаллъи гьабуна нилъер районалъул Салда росулъа ГІалиев Джамалица. ЗахІматал ва хІалуцарал къеркьеязда, ункъо бергьенлъиги босун Дагъистаналъул чемпионлъун вахъана гьев. Гьединго цо моцІалъ цере тІоритІарал ММА, правилаби гьечІеб рагъул къецазулъ Дагъистаналъул чемпионаталдаги гІахьаллъи гьабун букІана гьес, амма гьениб лъабабилеб бакІ босана. Баркула киназдаго нилъер ракьцоясул бергьенлъи. Джамалие жеги 23 сон гурони гьечІо, гьес нилъ жеги рохизаризе ратила кІудияв бергьенлъабаз. Гьарула гьесие щулияб сахлъи ва тІаде жеги чІахІияв бергьенлъаби.




## РЕШЕНИЕ
сессии районного собрания

от «06» апреля 2015г №2

### «О тарифах на перевозку пассажиров автомобильным транспортом по внутриреспубликанским и межреспубликанским (в пределах Российской Федерации) маршрутам Республики Дагестан»

В соответствии с постановлением Правительства Республики Дагестан от 10 апреля 2007 года №100 « О мерах по упорядочению государственного регулирования цен (тарифов) в Республике Дагестан» и Приказа министерства экономики и территориального развития Республики Дагестан от 30 октября 2013 года №676-од «Об установлении предельных максимальных тарифов на перевозку пассажиров и багажа автомобильным транспортом по внутриреспубликанским, межреспубликанским (в пределах Российской Федерации) и пригородным маршрутом социально ориентированных тарифов по Республике Дагестан»

Сессия районного Собрания решает:

1. Утвердить предельные максимальные тарифы на перевозку пассажиров автомобильным транспортом на регулярно действующих маршрутах (независимо от формы собственности, кроме муниципальной) в следующих размерах (в рублях за 1 пассажирокилометр):

По внутри республиканским маршрутам:

Автобусами категории АТСМ2, кл2 - 1,25

Автобусами маломестными повышенной проходимости, категории АТСМ2 и М3, кл2 - 1,50

По межреспубликанским маршрутам автобусами категории АТСМ2 кл2 – 1,09.

2. Утвердить для перевозчиков, осуществляющих перевозку пассажиров по социально - значимым субсидируемым маршрутам, на основании договора, заключенного с Министерством транспорта РД, социально-ориентированные тарифы на перевозку автомобильным транспортом во внутриреспубликанском и в пригородном сообщениях, в следующих размерах (в рублях за 1 пассажирокилометр).

Во внутриреспубликанском сообщении автобусами категории АТСМ2 кл2 – 0,91

3. Утвердить тариф на перевоз багажа в автобусах всех типов в размере 10% от стоимости проезда пассажира.

4. В соответствии с данными Агенства «Дагавтотранс» расстояние из г. Махачкала до с. Тлярата через г. Буйнакск составляет – 210 км, через пос. Карабудахкент, Леваши – 240 км, соответственно стоимость проезда составляет в

В первом случае: 210 *1,50=315 рублей без багажа(с багажом 350 рублей).

Во втором случае: 240*1,50=360 рублей без багажа(с багажом 400 рублей).

5. Опубликовать настоящее решение в районной газете «Тлярата» и на официальном сайте МР «Тляратинский район».

6. Контроль за исполнением настоящего решения возложить на заместителя председателя районного Собрания Абдулаева А.С.

**Глава МР «Тляратинский район»**
**АЛИХАНОВ М.Д.**

## ПРОТОКОЛ
### публичных слушаний по проекту решения «О внесении изменений и дополнений в Устав муниципального района «Тляратинский район»

*28.04.2015г.г. с.Тлярата*

Председатель комиссии Абдулаев А. С.
Секретарь Магомедалиев М. Р.
Присутствовало – 123 человека

С докладом выступил заместитель председателя Собрания депутатов района Абдулаев А. С. Он отметил, что в связи с необходимостью приведения устава в соответствие с федеральным и региональным законодательством разработан проект решения **«О внесении изменений и дополнений в Устав муниципального района «Тляратинский район»**, который принят решением Собрания депутатов района 06.04.2015г., и опубликован в газете «Тлярата» для внесения предложения в проект решения **«О внесении изменений и дополнений в Устав муниципального района «Тляратинский район»**.

На публичных слушаниях вы имеете право и возможность, как и ранее, представить свои предложения и замечания относительно проекта решения «О внесении изменений и дополнений в Устав муниципального района «Тляратинский район». Всем жителям муниципального образования была предоставлена возможность, внести свои предложения и замечания по проекту решения **«О внесении изменений и дополнений в Устав муниципального района «Тляратинский район»**, в комиссию Собрания депутатов района в течение 15 дней. Однако никаких предложений и замечаний по проекту решения **«О внесении изменений и дополнений в Устав муниципального района «Тляратинский район»** не поступило.

Выступили:

**1.Абакаров Х.М.** предложил одобрить проект решения **«О внесении изменений и дополнений в Устав муниципального района «Тляратинский район»**, так, как он охватывает все вопросы, касающиеся деятельности МО «Тляратинский район».

**2. Магомедалиев М. Р.** поддержал предложение об одобрении проекта решения **«О внесении изменений и дополнений в Устав муниципального района «Тляратинский район»**, и предложил проголосовать, чтобы определить мнение присутствующих относительно проекта решения «О внесении изменений и дополнений в Устав муниципального района «Тляратинский район».

По результатам голосования определено, что все единогласно одобряют проект решения **«О внесении изменений и дополнений в Устав муниципального района «Тляратинский район»**.

Обсудив доклад заместителя председателя Собрания депутатов о проекте решения **«О внесении изменений и дополнений в Устав муниципального района «Тляратинский район»**, и заслушав поступившие предложения участники публичных слушаний по проекту решения **«О внесении изменений и дополнений в Устав муниципального района «Тляратинский район»**.

**РЕШИЛИ:**

Одобрить предложенный проект решения **«О внесении изменений и дополнений в Устав муниципального района «Тляратинский район»**.

**Председатель комиссии**
**АБДУЛАЕВ А. С.**
**Секретарь**
**МАГОМЕДАЛИЕВ М .Р.**

## ОБЪЯВЛЕНИЯ

Диплом СВ №122742 выданный 1995г **Шахбанову Шахбану Мусаевичу** Смоленским физкультурным институтом утерян. Диплом является НЕДЕЙСТВИТЕЛЬНЫМ.

Аттестат № А 671690, выданный Шидибской средней общеобразовательной школой **Магомедову Магомеду Абдулханиповичу** является НЕДЕЙТВИТЕЛЬНЫМ.

Аттестат, выданный в 2006 году Чадаколобской средней общеобразовательной школой **Адалову Алихану Абасовичу** считать НЕДЕЙСТВИТЕЛЬНЫМ.

**Редактор:** Расул Абакаров
**Газета гІуцІарал:** ЛъаратІа районалъул администрация ва редакциялъул хІалтІухъабазул коллектив.

Газеталъул регистрация гьабуна печаталъул ва информациялъул эркенлъи цІуниялъул республикаялъул инспекциялъ Рег. № 0106

Материалалда рихьизарурал хІужаби ритІарал рукІиналъул жавабчилъи тІаде кколев авторасулгун редакциялъул пикраби дандеккечІого рукІинеги бегьула.

**Адрес редакции:** 368420: Республика Дагестан Тляратинский район, с.Тлярата
**Тираж 1100 экз. Индекс: 51372.**

Газета отпечатана в типографии «Лотос» по адресу: г. Махачкала, Пушкина, 6
Время подписания в печать: по графику: 19.00 фактически: 19.00 30.04.2015
Заказ ____________